



Ede nou Konnen w Pi Byen

Kòmansè Oktòb 2006, nap mande tout pasyan Cambridge Health Alliance la enfòmasyon sou ras ak gwoup etnik ou. Nou kapab ba ou ak fanmi w pi bon swen si nou konnen ras ak gwoup etnik ou. Ede n konnen w pi byen.

● **Ki Ras ou?**

Ras ou se yonn oubyen plizyè gwoup rasyal ou ke w idantifye w avè yo. Nou vle konnen si w se Azyatik, Nwa, Blan, eksetera.

● **Eske w se Ispanik (peyi w pale panyòl), Latino (ou soti nan Amerik Latyn), oubyen ou se Espanyòl (soti nan peyi Espay)?**

Nou vle konnen si w konsidere tèt ou kòm Ispanik, Latino oubyen Espanyòl.

● **Ki Gwoup Etnik Ou?**

Gwoup etnik ou se rasin ou, eritaj ou, kilti w, zansèt ou oubyen pafwa peyi kote w te fèt la. Nou vle konnen si w se Ayisyen, Vyetnamyen, Brezilyen, eksetera.

● **Ekzanp:**

Non m se John. Mwen soti nan ras Azyatik epi gwoup etnik mwen se Bangladè.
Non m se Claudia. Mwen soti nan ras Nwa epi gwoup etnik mwen se Ayisyen ak Jamayiken.
Non m se Ronaldo. Mwen soti nan ras Blan ak Nwa epi gwoup etnik mwen se Brezilyen.
Non m se Pat. Mwen soti nan ras Nwa epi gwoup etnik mwen se Afriken Ameriken.
Non m se Chris. Mwen soti nan Blan epi gwoup etnik mwen se Italyen ak Ameriken.

● **Lè nou konnen w pi byen, nou kapab ba ou pi bon swen.**

Objektif nou se pou nou satisfè bezwen tout pasyan nou sèvi yo. Etid yo montre gen diferans nan lasante ant gwoup rasyal ak etnik yo. Nou pa konnen kisa k lakoz diferans sa yo epi nou bezwen konn plis sou yo. Nou ka pi byen satisfè bezwen kominote nap sèvi yo si nou konnen plis sou ras, etnisite, kilti ak lang pasyan nou yo. Nap itilize enfòmasyon sa yo sèlman pou n asire n tout pasyan nou yo resevwa pi bonjan swen k apopriye a yo menm.



Amelyore lasante
pou **TOUT MOUN**

Insert
Logo
Here